# ПОЭТИКА ТҮСИНИГИ ҲАҚҚЫНДА

**Турешова С.М.**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.14558355

***Резюме:*** *Мақалада антик дәўир риторикасында XVIII-XIX әсирлердеги стилистикалық илимлердиң өзегин қураған тийкарғы бағдарлар, сондай-ақ, поэтика түсинигиниң пайда болыўы, оның айырым түрлери туўралы сөз етилген.*

***Таяныш сөзлер:*** *антик дәўир, риторика, поэтика, публицистика, стилистика.*

Антик дәўир мәмлекетшилигиниң өзгерислерге ушыраўы менен байланыслы халық, жәмәәт алдында шығып сөйлеўдиң де әҳмийети пәсейе баслайды ҳәм риторика енди әдебиятқа үлкен тәсир көрсете баслайды. Белгили болғанындай, риториканың предмети – бул соттағы сөз, исендириўши шақырық сөз, мақтаў ҳәм көркем безелген сөз. Сөздиң бул түрлери әдебияттың раўажланыўында үлкен орын ийелейди.

Солай етип, антик дәўир риторикасында XVIII-XIX әсирлердеги стилистикалық илимлердиң тийкарын қураған тийкарғы бағдары қәлиплескен еди.

Поэтика ески дәўирлерде, яғный антик дәўирлерден басланған болса, ол соңынан орта әсир ҳәм кейинги дәўирлерде раўажлана баслады.

Орта әсирлерде риторика ҳәм поэтика еле антик дәўир дәстүрлерин даўам етип атыр еди. Ал XVIII әсирдиң басында ағартыўшылық әдебиятының тәсиринде риторика жаңа өзгериске бет бурды ҳәм XVIII әсирдиң ақырына дейин әдебият пенен байланысын үзбеди. Бул, мәселен, поэзия ҳәм драма теориясында айқын көринди. Поэтика көркем әдебий өнерди үйрениўге болатуғын қубылыс деп түсиндирди. Стиль түсиниги де антик дәўир дәстүриндегидей белгили бир мақсетке ерисиў ушын керекли болған усыллардың дурыс пайдаланылыўы деп қабыл етилди. Мақсетке муўапықлық ҳәм орынлылық стильдиң баслы белгиси болды, яғный оқыўшыға қәлеген бағдарда тәсир етиўге умтылыў шешиўши орын ийелейди. Бул жағдайды биз Италияның, Германияның, Францияның, Россияның белгили жазыўшы-шайырларының, филологларының мийнетлеринде бақлаймыз. Еле стилистика ҳәм поэтика антик дәўирдегидей риториканың бир көриниси есапланып, XVIII әсирдиң ақырына дейин өз алдына илим тараўы болып бөлинип шыға алмай атыр еди.

XVIII әсирдиң екинши ярымынан баслап XIX әсирдың басларына дейинги аралықта Европа еллериниң жәмийетлик-экономикалық, мәдений-

руўхыйлық, ағартыўшылық турмысында үлкен өзгерислердиң жүз бериўи өнер (искусство), әдебият майданында классицизм (антик дәўир традицияларына жақын болған) ағымынан кейин сентиментализм ҳәм романтизм ағымларының пайда болыўы антик риторикасының тәсириниң пәсейиўине ҳәм оны жаңаша бир қанша кеңейген мәниде түсиниўге алып келди. Солай етип, риторика XIX әсирге келип өз алдына стиль ҳаққындағы илим сыпатында, яғный стилистика болып қәлиплеседи. «Стиль теориясы», «проза теориясы», «объектив стиль», «субъектив стиль», «поэтика» қусаған түсиниклер пайда болды.

Көркем әдебиятта риториканың бурынғы қурамалы тәртип-қағыйдаларынан шетлеп сөздиң, тилдиң әпиўайы стилистикасына бет бурыў басланады ҳәм күнделикли сөйлеў тили шығармада алдыңғы орынға шығады. Бул қубылыс Байронның, Стендальдың, Пушкинниң ҳәм тағы басқа да көплеген атақлы жазыўшылардың дөретпелеринде өз көринисин табады ҳәм әдебиятта реализм ағымының ҳәм реалистлик стилдиң қәлиплесиўине үлкен жол ашып береди.

Биз инглис, француз, немис, рус тиллериниң стилистикасын теория ҳәм тарийхын үйрениўге арналған изертлеўлердиң бетлерин парақлағанымызда, XIX әсирде бул тиллердиң стилистикасын үйрениў бойынша жүдә көп мийнетлердиң пайда болғанының гүўасы боламыз. Сондай-ақ, бул дәстүр XIX әсирде де даўам етип, бурынғыдан да бетер ҳәўиж алғанын көремиз. Соның ушын да ҳәзирги дәўирде тил билими күшли раўажланған еллерде стиль, стилистиканы ҳәм поэтиканы жән-жақлама изертлеген жумыслардың саны жүдә үлкен. Буған интернет-сайтлардың да мағлыўматлары дәлийл бола алады. Бул XX әсирде стилистика мәселелериниң жүдә кең көлемде, терең ҳәм ҳәр тәреплеме жетик изертленгенинен дерек береди.

Усыған байланыслы, бул жөнинде тек атақлы рус филолог-алымларының мийнетлерине дыққат аўдарыўдың өзи жеткиликли. Көркем сөздиң стили ҳәм стилистикасының теориясын ислеп шығыўда XX әсирдиң 20-жылларында рус филологиясында қәлиплескен формал мектебиниң (формальная школа) ўәкиллериниң орны жүдә үлкен болды. Усы тараўда изертлеўлер алып барған В.Шкловскийдиң, Р.О.Якобсонның, Б.М.Эйхенбаумның, В.А.Винокурдың, В.М.Жирмунскийдиң, М.М.Бахтинниң изленислери әдебияттаныў илиминиң буннан былай да раўажланыўына тәсирин көрсетти.

Әсиресе В.В.Виноградовтың мийнетлери көркем сөз тили ҳәм стилиниң көп қатламларын өз ишине алып, усы тараў бойынша тек рус

филология илиминде емес, ал басқа да көплеген жәҳән еллериниң филология илиминде бурылыс жасады. Ал бурынғы аўқам қарамында болған республикалар алымларының көркем сөз стилистикасы, теориясы ҳәм әмелияты бойынша изленислери тиккелей В.В.Виноградовтың ҳәм оның мектебиниң концепцияларының бағдарында раўажланады, десек асыра айтқан болмаймыз. Буған дәлил ретинде бизге белгили болған қазақ ҳәм өзбек алымларының мийнетлери менен танысыўдың өзи жеткиликли.

Қарақалпақ тилиниң стили ҳәм стилистикасының мәселелерин үйрениў де В.В.Виноградовтың тийкарын салған рус стилистикасының тәсиринде әмелге асырылды ҳәм иске асырылып келмекте. Әлбетте, бул жерде бизден алдырақ раўажланып кеткен қазақ, өзбек лингвист ҳәм әдебиятшы алымларының тәсирин де бийкарлаўға болмайды.

Стиль ҳәм стилистикаға байланыслы түсиниклердиң, терминлердиң қарақалпақ тилине кириўи ҳәм пайдалана басланыўы өткен әсирдиң 30-40-жылларына туўра келеди. Өйткени усы жыллары республиканың биринши ашылған мектеплеринде, техникум-училищелеринде, жоқары оқыў орынларында қарақалпақ, рус тиллери оқытылып, биринши әлипбелер, сабақлықлар пайда бола баслады, газеталар турақлы түрде шыға баслады. Стиль, стилистика түсиниклериниң қарақалпақ тилинде ен жайыўы да усы жылларға туўра келеди. Бул процесс даўам етип, 50-жыллардың басларында өз позициясын әдеўир беккемледи деп шамалаўға болады. Өйткени усы дәўирде қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бойынша дәслепки илимий мийнетлер, кең көлемли сабақлықлар пайда болды. Деген менен, поэтика, стилистика мәселелери еле қарақалпақ тил билиминиң бир саласы сыпатында тереңирек үйренилип шығылыўы тийислигин атап өтпекшимиз.

Поэтика илимий пән сыпатында бир неше түрллерди өз ишине алады. Поэтиканың тийкарғы түрлери төмендегише: *теориялық поэтика* – әдебий дөретиўшиликтиң улыўма принциплерин ҳәм қағыйдаларын үйренеди; *тарийхый поэтика* – әдебий форма ҳәм жанрлардың раўажланыўын тарийхый шәраятта үйренеди; *әмелий поэтика* – белгили бир әдебий шығармаларды таллаў ҳәм олардың көркемлик өзгешеликлерин изертлеў менен шуғылланады; *структалистлик поэтика* – әдебий шығарманың дүзилиси оның ишки байланыслары ҳәм формаларын үйренеди; *семиотикалық поэтика* – әдебий шығарманың белгилери ҳәм белгилер системасы сыпатында үйренеди; *герменевтикалық поэтика* - текстлерди шолиў ҳәм түсиндириў мәселелерин қарап шығады ҳәм тағы басқа.

Көрсетилген поэтиканың бир неше түри көркем шығарманы жақсы түсиниў ҳәм пикир билдириў ушын қолайлы, соның менен бирге, олардың қурамалылығын ҳәм ҳәр тәреплеме үйренилиў мүмкиншилигин жеңиллестиреди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Русско-каракалпакский словарь. Под ред. А. Турабаева. – Т.: «Sharq», 2010.
2. Бахтин М. Романда замон ва хронотоп шакллари / Тарийхый поэтикадан очерклар. – Тошкент. «Академнашр». 2015.
3. Виноградов В.В. Стилистика. Теория поэтической речи. Поэтика. – М., 1963.